



Pou Piblikasyon Imedya: 12/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**FÈ AKSÈ A PWOPRIYETE VIN YON REYALITE: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 40 MILYON DOLA DISPONIB POU NOUVO KONSTRIKSYON KAY ABÒDAB NAN NÒ ETA NOUYÒK**

*Jiska 400,000 dola disponib pou chak pwojè pou sipòte konstrikasyon lojman sou tè vid nan zòn iben nan senk vil nan pati nò Eta a*

*Nouvo pwogram Blòk Pa Blòk la pral revitalize katye yo, amelyore lojman abòdab epi kreye plis opòtinite pou moun k ap achte kay pou premye fwa*

*Li baze sou angajman Gouvènè Hochul pou fè fas ak kriz lojman ki prevwa yon envestisman 600 milyon dola pou sipòte lojman nan tout Eta a nan Bidjè Ane Fiskal 2025*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon nouvo [pwogram lojman abòdab ki rele Blòk Pa Blòk \(Block-By-Block\)](#) nan Eta a ap aksepte aplikasyon pou sipòte nouvo konstrikasyon kay abòdab nan senk vil nan nò Eta a. Pwogram nan ap mete 40 milyon dola disponib pou òganizasyon san bi likratif ki pral devlope nouvo kay sou teren ki vid oswa ki pa itilize yo. Yo prevwa pwogram nan ap kreye nouvo kay pou yon sèl ak de fanmi nan Albany, Binghamton, Buffalo, Rochester ak Syracuse.

"Atravè Nouyòk, n ap itilize resous nou yo nan pou konbat kriz lojman an blòk pa blòk," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Dènye pwogram sa a montre apwòch konplè nou an pou kreye plis lojman abòdab, revitalize tout katye yo epi asire kominote nou yo ka pwospere pou jenerasyon k ap vini yo."

Blòk Pa blòk la ke Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta Nouyòk (New York State Homes and Community Renewal) la ap administre bay jiska 300,000 dola nan sibvansyon pou konstrikasyon yon lojman ki pran yon sèl fanmi ak 400,000 dola pou lojman ki pran de fanmi. Sibvansyon an pral pèmèt konstrikasyon nouvo kay nan katye ki egziste deja yo epi asire ke kay yo ka vann a yon pri acha abòdab bay achtè ki touche jiska 60 pousan Revni Mwayen Zòn lan.

Òganizasyon san bi likratif yo ka aplike pou reyamenajman ant kat ak 10 teren ki vid oswa ki pa itilize yo epi yo pral bay priyorite ak aplikasyon ki pwopoze pou konstwi sou teren vwazen ki sitiye nan menm blòk la. Apwòch estratejik sa a pou ranfòse rezèv

lojman blòk pa blòk pral mennen nan revitalizasyon katye yo epi ogmante opòtinite pou jwenn aksè nna pwopriyete abòdab pou moun k ap achte kay premye fwa yo.

Òganizasyon ki enterese yo ka wè enfòmasyon sou pwogram nan [isit la](#). Pwogram nan limite pou òganizasyon san bi likratif ki gen eksperyans nan nouvo konstriksyon kay pou yon sèl oswa de fanmi.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, te deklare,** "Investisman 40 milyon dola sa a pral sipòte kreyasyon plis kay epi ranfòse katye yo atravè Albany, Syracuse, Binghamton, Rochester ak Buffalo. Li pral bay fanmi yo opòtinite pou yo vin pwopriyete kay ak entegre nan estrikti kominote yo pou jenerasyon k ap vini yo. Nou pa ka tann pou nou fè patenarya ak òganizasyon kominote ki gen talan pandan n ap travay ansanm pou konstwi sou teren vid yo epi ede plis fanmi yo posede yon kay pa yo."

**Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare,** "Pwopriyete kay ak bon jan kalite pak lojman enpòtan anpil pou avni vil yo nan nò Eta a tankou Buffalo. Lide nan fondasyon pwogram sa a, ke mwen te konsevwa ak fè presyon pou li nan Albany, sè ke lojman se enfrastrikti pou devlope kominote nou yo. Yon investisman eta a nan konstriksyon lojman sou tè vid nan katye ki egziste deja yo se yon investisman nan enfrastrikti ak baz taks nan vil nou yo, ak yon fason pou konstwi richès pou plizyè jenerasyon. Mwen rekonesan anè Gouvènè a ak kòlèg mwen yo dèske yo mete 40 milyon dola pou kreye pwogram Blòk Pa Blòk la, epi mwen espere wè nouvo opòtinite lojman pou fanmi nan Buffalo ak atravè Eta Nouyòk."

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak ekip li an ki nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la pou inisyativ yo nan konsevwa pwogram Blòk Pa Blòk la. Apre mwen te pwopoze okòmansman yon pwogram pilòt avèk kòlèg mwen Senatè Sean Ryan, mwen kontan ak anons jodi a ke y ap aksepte aplikasyon kounye a pou sipòte konstriksyon kay abòdab atravè nò Eta Nouyòk. Pwogram sa a asire ke kay abòdab pou yon sèl fanmi ak de fanmi pral disponib nan katye ki te gen yon ogmantasyon nan teren vid yo ak yon bèl nan valè pwopriyete yo. Mwen kwè Pwogram Blòk Pa Blòk la pral kontribiye anpil nan estabilize ak ranfòse kominote yo."

**Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare,** "Pandan administrasyon mwen an, mwen te konsantre sou elaji opòtinite aksè nan pwopriyete ki abòdab atravè Vil Albany - ki gen ladan lè mwen itilize plis pase 15 milyon dola nan alokasyon finansman Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan) nou an pou ede konstwi plis lojman nan kominote ki istorikman defavorize nou yo. Pandan 11 dènye ane yo, nou te konstwi ak renove plizyè milye inite lojman abòdab atravè vil nou an sa ki bay rezidan nou yo chans pou rèv Ameriken an, men nou konnen gen plis travay ki pou fèt. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w kontinye investi nan Nouyòkè yo, vil nan nò eta nou an, epi paske w ede kreye lojman nan espas yo te neglije depi lontan. Nou eksite pou opòtinite alavni ki pral kreye pa mwayen pwopozisyon pwogram 'blòk-pa-blòk' la."

**Majistra Binghamton Ian, Jared M. Kraham, te deklare,** "Konstwi nouvo lojman se pi bon fason nou ka sipòte fanmi yo, revitalize katye yo, kreye travay ak diminye kou lavi atravè Eta Nouyòk. Nan Binghamton, tankou anpil vil nan nò eta a, gen gwo potansyèl pou devlopman lojman men souvan gen mank finansman pou kòmanse epi fè pwojè yo vin yon reyalye. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li fè patenarya pou fè investisman lojman priyorite sa yo nan vil la."

**Majistra Buffalo, Christopher P. Scanlon, te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li kontinye investi nan opòtinite lojman abòdab atravè Eta Nouyòk. Finansman sa a pral ede angajman administrasyon mwen an pou ogmante opsyon pou vin pwopriyete kay abòdab epi bay rezidan yo opòtinite pou yo grandi richès sou plizyè jenerasyon."

**Majistra Rochester, Malik Evans, te deklare,** "Pwogram tankou sa a ak pwogram Achte Blòk Rochester a kreye nouvo kay nan katye yo ki te sibi anpil dezinvestisman pandan plizyè dizèn ane," Majistra Rochester Malik D. Evans te deklare. Nou rekonesan pou vizyon pataje Gouvènè Hochul pou devlope bon jan kalite lojman, ak konpreyansyon li sou enpak pwofon investisman sa yo genyen—pa sèlman sou pwopriyete kay, men tou sou fanmi yo ak katye yo. Benefis inisyativ sa yo pral gaye nan vil nou an pou jenerasyon k ap vini yo."

**Majistra Syracuse la, Ben Walsh, te deklare,** "Blòk Pa Blòk pral ede konstwi sou estrateji konstriksyon lojman sou tè vid nan zòn iben ki te santral nan Inisyativ Katye k ap Renèt (Resurgent Neighborhoods Initiative, RNI). Syracuse te kòmanse sou chemen sa a an 2020 lè nou te anonse plan RNI nou an pou konstwi 200 inite nouvo konstriksyon kay abòdab pou yon sèl ak de fanmi nan katye ki ozalantou Vil Syracuse. Blòk pa blòk la ka ede nou elaji travay sa a. Lè yo fè teren vid yo tounen kay abòdab, pwogram sa a non sèlman abòde mank lojman an, men li ranfòse katye nou yo epi kreye chemen pou fanmi k ap travay yo vin pwopriyete kay. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou investisman li kontinye nan Syracuse epi mwen espere kolabore ak patnè lojman lokal nou yo nan nouvo pwogram sa a."

### **Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.**

Pwogram Blòk Pa Blòk la konplete akò istorik lojman Gouvènè Hochul nan Bidjè Ane Fiskal 2025 Adopte a epi li fè pati angajman Gouvènè a pran pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè Eta a vin pi bon mache epi pi fasil pou viv pou tout Nouyòkè yo.

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil Nouyòk, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyete yo.

Anplis de sa, nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 Adopte a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 50,000 kay jiska dat.

Nan mwa out pase a, Gouvènè Hochul te anonse [Pwogram Kominote ki an Favè Lojman an](#). Sètifikasyon Kominote An Favè Lojman an se yon egzijans pou lokalite yo jwenn aksè jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl Eta a. Jiska prezan, gen plis pase 250 kominote sètifye, tankou Albany, Binghamton, Buffalo, Rochester ak Syracuse.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)